

## Aplikasyon pou Apranti Kwafè

*Pou yon pwosesis ki pi vit ak pi fasil, Divizyon Sèvis Livrezon Lisans (Division of Licensing Services) ankouraje moun k ap aplike yo pou yo aplike sou Entènèt. Si ou itilize sèvis yo sou Entènèt sa ap ba ou yon dèlè repons pi rapid sou aplikasyon ou ak dènye enfòmasyon yo, epitou sa ap pèmèt ou wè dosye lisans ou ak gen aksè ladan pandan tout pwosesis lisans lan.*

Ale sou sitwèb nou nan: [www.dos.ny.gov](http://www.dos.ny.gov)

*Tanpri gade seksyon enstriksyon sa yo sou Entènèt pou jwenn plis enfòmasyon.*

*Li enstriksyon yo avèk anpil atansyon anvan ou ranpli aplikasyon an. Ou dwe ranpli tout espas yo. N ap retounen aplikasyon ki pa fin ranpli yo, epitou sa ap mete reta nan livrezon lisans ou. Si ou pa mete yon enfòmasyon, si ou mete enfòmasyon ki pa gen presizyon oswa si ou pa bay tout enfòmasyon yo nan yon aplikasyon oswa si ou pa bay tout dokiman sipò, nou ka gen rezon ki ase pou ba ou refi pou yon lisans, oswa, si nou ba ou yon lisans, nou kapab sispann li oswa anile li.*

### Kisa yon Apranti Kwafè ye?

Lwa Eta New York (Atik 29 Lwa Jeneral sou Biznis) ak règ Depatman-Deta (19 NYCRR) defini yon apranti kwafè kòm yon moun k ap swiv yon kou etid avèk bon volonte li nan pratik kwafi anba titèl, sipèvizyon ak direksyon yon moun ki gen lisans epi k ap ede moun ki gen lisans lan nan pratik la.

### Ki kalifikasyon mwen bezwen pou yon sètifika anrejistreman?

Si ou gen omwen laj 17 ane epi si w ap travay anba sipèvizyon ak direksyon yon kwafè ki gen lisans, ou ka aplike pou yon sètifika anrejistreman.

**Tout moun k ap aplike yo dwe patisipe nan yon kou etid yon sèl fwa** konsènan “transmisyon maladi kontajye ak bon jan metòd ijyèn ak esterilizasyon yo dwe itilize nan salon kwafi yo.” Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education

Department) dwe apwouve kou a, epitou ou dwe soumèt dokiman ki pwouve patisipasyon ou nan kou a ansanm avèk aplikasyon sa a.

### Pou kisa mwen bezwen bay yon adrès imèl sou aplikasyon sou papye a?

N ap itilize adrès imèl ou pou kreye kont Sant Livrezon Lisans Eta New York ou. N ap voye pifò komunikasyon yo ba ou nan imèl. Si ou chanje adrès imèl ou pidevan, w ap DOS 1444-a-HT (Rev. 04/18)

bezwen konekte nan kont ou pou chanje li avèk nouvo adrès imèl yo.

### Kisa pou mwen fè si Operatè Kwafè Sipèvizyon mwen Chanje?

Ou dwe fè Divizyon Sèvis Livrezon Lisans konnen chanjman sa a. Sou sitwèb depatman an <http://www.dos.ny.gov/licensing/>, ou ka telechaje Fòm ‘Change of Supervising Barber for Barber Apprentice’ (Chanjman kwafè Sipèvizyon pou Apranti Kwafè) (DOS-1961). Sa ap asire sètifika anrejistreman ou rete ajou avèk depatman sa a. Pa gen frè pou peye pou chanjman sa a.

### Ki frè ak kondisyon ki genyen pou yon sètifika anrejistreman?

Frè aplikasyon an se \$20 dola. Sètifika anrejistreman ou ap valab pou katran.

### Ki fòm peman ou aksepte?

Ou ka peye avèk chèk oswa chèk postal (money order) ki ekri sou non Department of State. Ou ka peye avèk American Express, MasterCard oswa Visa, avèk yon fòm otorizasyon pou kat kredi lè ou aplike sou Entènèt. Pa voye lajan kach. Nou pa ranbouse frè aplikasyon an. W ap gen pou peye yon frè \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou retounen.

### Èske sètifika anrejistreman an pèmèt mwen opere yon salon kwafi?

Non. Yon sètifika anrejistreman kòm yon apranti kwafè pa pèmèt ou opere yon biznis. Pou opere yon biznis, ou dwe se yon kwafè ki gen lisans. Pou aplike pou yon lisans ki baze sou yon aprantisaj, ou dwe te travay kòm yon apranti kwafè ki anrejistre ki anrejistre nan Eta New York anba sipèvizyon yon kwafè ki gen lisans Eta New York pandan dezan.

### Èske mwen bezwen fè yon egzamen fizik pou yo ban mwen yon sètifika anrejistreman?

Wi. Yon doktè oswa yon asistan doktè dwe egzamine ou pou ou kapab aplike pou yon sètifika anrejistreman kwafè apranti. Doktè oswa asistan doktè ou dwe ranpli ak date seksyon Sètifika Sante ki nan aplikasyon an oswa Fòm Sètifika Sante (DOS-1948) si w ap aplike sou Entènèt. Ou dwe soumèt aplikasyon ou nan 30 jou apre dat li siyen an.

### Rapò konsènan Sipò Timoun

Yon Rapò konsènan Sipò Timoun obligatwa nan Eta New York (Lwa sou Obligasyon Jeneral) kit ou gen pitit kit ou pa genyen, oswa kit ou gen nenpòt obligasyon pou peye sipò kit ou pa genyen. Si yon moun dwe kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere peman nan sipò timoun, nou ka sispann lisans biznis, lisans pwofesyonèl ak lisans chofè moun sa a. Si ou fè espere pou bay yon fo deklarasyon alekri pou twonpe oswa dekouraje egzekisyon legal obligasyon pou peye sipò, ou ka tonbe anba pinisyon dapre §175.35 Lwa Penal. Si ou bay yon fo dokiman pou mete nan dosye

## Aplikasyon pou Apranti Kwafè

ou nan yon ajans gouvènman leta oswa lokal avèk entansyon pou fè fwod, ou fè yon krim klas E.

### **Enfòmasyon sou Sèvis sou Entènèt:**

**Pou yon pwosesis ki pi vit ak pi fasil, Divizyon Sèvis Livrezon Lisans (Division of Licensing Services) ankouraje moun k ap aplike yo pou yo aplike sou Entènèt. Si ou itilize sèvis yo sou Entènèt sa ap ba ou yon dèlè repons pi rapid sou aplikasyon ou ak dènye enfòmasyon yo, epitou sa ap pèmèt ou wè dosye lisans ou ak gen aksè ladan pandan tout pwosesis lisans lan.**

Pou jwenn plis enstriksyon konplè ak lòt enfòmasyon sou Entènèt, gade FAQ (Kesyon Moun Poze Souvan) sou sitwèb <http://www.dos.ny.gov/licensing/lc-faq.html>.

### **Ki tranzaksyon ak enfòmasyon ki disponib sou Entènèt?**

- Ranpli yon premye aplikasyon
- Tcheke kondisyon yon aplikasyon
- Renouvle lisans ou
- Pran randevou pou fè yon egzamen epi wè rezilta yo
- Tcheke kondisyon yon lisans
- Fè chanjman nan enfòmasyon sou lisans
- Mande diplikata yon lisans

### **Kijan pou mwen anrejistre pou yon kont nan Sant Livrezon Lisans Eta New York [NYS License Center (NYSLC)]?**

Pou anrejistre pou yon kont nan Sant Livrezon Lisans Eta New York [NYS License Center (NYSLC)], ou dwe anrejistre avèk My NY.gov.

Si ou pa anrejistre nan moman an avèk My NY.gov, nan sitwèb <http://www.dos.ny.gov/licensing/licensecenter.html> nou Klike sou lyen 'Create my Account' (Kreye Kont Mwen), sa ap mennen ou nan sitwèb anrejistreman My NY.gov; chwazi 'I need a NY.Gov ID' (Mwen bezwen yon ID NY.Gov) epi swiv anrejistreman an pou My NY.gov. Lè ou anrejistre avèk My NY.gov, fè chwa Sant Livrezon Lisans Eta New York la pami chwa ki disponib pou ou sou My NY.gov. Nan Sant Livrezon Lisans Eta New York, klike sou lyen 'Account Management' (Jesyon Kont) ki nan kwen dwat anlè. Ranpli espas ki obligatwa yo epi done sa a yo ap parèt sou tout nouvo aplikasyon ou kreye avèk kont ou. Lè ou fini ak sovgade done sa yo, klike sou onglè 'Home' (Paj-Dakèy) pou kontinye.

### **Kisa pou mwen fè si mwen gen yon Kont My NY.gov deja?**

Si ou anrejistre deja avèk My NY.gov, ale nan My NY.gov epi konekte ladan, answit fè chwa Sant Livrezon Lisans Eta New York pami chwa ki disponib pou ou yo nan My NY.gov. Sa ap kreye Kont Sant Livrezon Lisans Eta New York ou. Nan Sant Livrezon Lisans Eta New York, kreye lyen 'Jesyon Kont' lan ki nan kwen anlè adwat.

Ranpli espas ki obligatwa yo epi done sa a yo ap parèt sou tout nouvo aplikasyon ou kreye avèk kont ou. Lè ou fini ak sovgade done sa yo, klike sou onglè 'Home' (Paj-Dakèy) pou kontinye.

### **Kijan pou mwen aplike pou yon lisans nan Sant Livrezon Lisans Eta New York?**

Pou aplike pou yon lisans nan Sant Livrezon Lisans Eta New York, ou dwe kreye yon kont oswa ou dwe konekte nan yon kont ou genyen deja. Swiv etap sa yo pou aplike pou lisans ou sou Entènèt:

- Anrejistre pou yon Kont oswa Konekte nan kont ou (gade seksyon "Kijan pou mwen anrejistre pou yon kont nan Sant Livrezon Lisans Eta New York [NYS License Center (NYSLC)]" anwo a)
- Lè ou konekte nan Sant Livrezon Lisans Eta New York, nan onglè 'Home', chwazi 'Apply now for a new license or permit' (Aplike kounye a pou yon nouvo lisans oswa pèmi)
- Swiv enstriksyon yo ba ou sou Entènèt pou aplikasyon an
- Chaje nenpòt dokiman sipò
- Fè peman an epi enprime paj konfimasyon a

W ap kapab konekte nan kont ou epitou w ap kapab wè kondisyon aplikasyon ou.

### **Kijan pou mwen kreye yon lisans siplemantè sou Entènèt?**

Pou aplike pou yon lisans siplemantè, konekte nan konte ou epi klike sou onglè 'Manage My Licenses' (Jere Lisans Mwen yo), epi answit chwazi lyen 'Apply now! For a New License or Permit' (Aplike kounye a pou yon Nouvo Lisans oswa Pèmi). Li epi aksepte modalite ak kondisyon yo, epitou sistèm nan ap gide ou ladan.

### **Kisa ID Itilizatè mwen pou sistèm sou Entènèt la?**

Lè ou kreye kont ou sou My NY.Gov, w ap kreye yon ID itilizatè inik epitou w ap itilize adrès imèl ou. Answit, w ap kapab gen aksè nan kont ou avèk ID itilizatè a.

### **Kijan pou mwen fè chanjman nan enfòmasyon mwen yo sou Entènèt?**

Gen de (2) kote ou gen obligasyon pou fè chanjman nan enfòmasyon sou kont sou Entènèt. Ou bezwen fè chanjman nan enfòmasyon yon nan My NY.gov ak nan kont Sant Livrezon Lisans Eta New York ou.

Nan My NY.gov, gade FAQs (Kesyon Moun Poze Souvan) pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jere kont ou.

Konekte nan kont Sant Livrezon Lisans Eta New York ou, nan ranje anlè a w ap wè yon lyen ki gen tit 'Manage My Licenses' (Jere Kont Mwen). Pandan ou ladan, w ap kapab fè chanjman nan enfòmasyon sou kont ou depi ou fè yon modifikasyon pou chanje enfòmasyon kontak ou.

### **Mwen aplike sou Entènèt, kijan pou mwen fè depatman an konnen mwen fè egzamen fizik la?**

Yon doktè oswa yon asistan doktè dwe egzamine tout

## Aplikasyon pou Apranti Kwafè

moun k ap aplike pou yo kapab aplike pou yon lisans nan Kwafi.

Ou dwe soumèt aplikasyon pou lisans lan nan 30 jou apre yon doktè oswa yon asistan doktè egzamine ou, epitou ou dwe mete non ou ak enfòmasyon pou nou kontakte ou sou aplikasyon an. Ou dwe ranpli Fòm Sètifika Sante (DOS-1948). Ou kapab telechaje li sou sitwèb Depatman-Deta.

Sou aplikasyon ou sou Entènèt avèk Sant Livrezon Lisans Eta New York, ou dwe itilize enfòmasyon ki endike sou fòm Sètifika Sante a. Ou gen obligasyon pou antre enfòmasyon ki nan fòm sa a nan espas sètifika sante a ki nan sistèm nan.

Tanpri sonje: Yon anketè ka fè odit sou Fòm Sètifika Sante ou ranpli a pou asire ou konfòme ou avèk egzijans sa a. Yo dwe konsève prèv fòm sa a nan lokal travay ou pou yo fè odit.

### Mwen aplike sou Entènèt, kijan Kwafè Sipèvizyon mwen ap ranpli Otantifikasyon an?

Si kwafè sipèvizè ou gen yon kont sou Entènèt avèk Sant Livrezon Lisans Eta New York, l ap resevwa yon imèl k ap gen yon nimewo pin ak enstriksyon pou ranpli otantifikasyon an sou Entènèt. Si kwafè sipèvizyon ou pa gen yon kont, w ap resevwa enstriksyon pou chaje sètifika otantifikasyon an.

### Kisa pou mwen fè si Operatè Kwafè Sipèvizyon mwen chanje?

Ou dwe fè yon tranzaksyon modifikasyon sou Entènèt pou fè Depatman-Deta Eta New York, Divizyon Sèvis Livrezon Lisans konnen chanjman sa a nan sipèvizè a. Ou ka fè chanjman sa a tou depi ou ranpli Fòm 'Change of Supervising Barber for Barber Apprentice' (Chanjman Kwafè Sipèvizyon pou Apranti Kwafè) (DOS-1961) w ap jwenn sou sitwèb Depatman-Deta. Sa ap asire sètifika anrejistreman ou rete ajou avèk depatman sa a. Pa gen frè pou peye pou chanjman sa a.

## AVI SOU KONFIDANSYALITE

### ENFÒMASYON PRIVE

#### Èske mwen dwe bay nimewo Sekirite Sosyal mwen ak nimewo ID Federal mwen sou aplikasyon an?

Wi, si ou gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID (idantifikasyon) federal, ou gen obligasyon pou bay nimewo sa a. Si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID federal, tanpri bay yon eksplikasyon alekri.

Depatman-Deta gen obligasyon pou pran nimewo Sekirite Sosyal federal ak nimewo Idantifikasyon Patwon tout lisans yo. Nou jwenn otorizasyon pou mande epi konsève enfòmasyon pèsònèl sa yo nan §5 Lwa Fiskal ak §3-503 Lwa sou Obligasyon Jeneral (General Obligations Law). Ou gen obligasyon pou bay enfòmasyon yo. Nou pran enfòmasyon yo pou pèmèt Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) idantifye moun, biznis ak lòt moun ki anreta nan deklarasyon taks sou revni yo oswa ki te ka pa estime obligasyon fiskal yo ase epi anjeneral pou idantifye moun taks afekte ki anba kontwòl Manm Komisyon Taksasyon ak Finans. N ap itilize enfòmasyon yo pou administrasyon taks ak pou nenpòt lòt objektif ki otorize anba Lwa Fiskal (Tax Law), epitou ajans egzekisyon sipò timoun oswa reprezantan otorize eta sa a oswa lòt eta ka itilize enfòmasyon yo dapre Tit IV-D Lwa sou Sekirite Sosyal (Social Security Act), pou detèmine, modifye oswa egzekite yon lòd sipò, men enfòmasyon yo p ap disponib pou piblik la. Yon eksplikasyon alekri obligatwa kote ou pa bay nimewo a. Direktè Administrasyon ak Jesyon ap konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm Enfòmasyon Livrezon Lisans nan adrès One Commerce Plaza, 99 Washington Avenue, Albany, NY 12231-0001.

### ÈSKE OU TA RENMEN ENSKRI POU W KA VOTE?

Tanpri ale sou sitwèb Komite Eleksyon Eta New York (NY State Board of Elections) la nan [www.elections.ny.gov/votingregister.html](http://www.elections.ny.gov/votingregister.html)

Oswa rele **1-800-FOR-VOTE** pou mande yon fòm Enskripsyon pou Vote nan Eta New York ( NYS Voter Registration form).

Pou enskri sou entènèt la, tanpri ale sou [www.ny.gov/services/register-vote](http://www.ny.gov/services/register-vote).



# Division of Licensing Services

New York State  
Department of State  
Division of Licensing Services  
P.O. Box 22001  
Albany, NY 12201-2001  
Sèvis Kliyantèl: (518) 474-4429  
www.dos.ny.gov

## Aplikasyon pou Vin Apranti Kwafè

Li enstriksyon yo anvan ou ranpli aplikasyon sa a. Ou dwe reponn chak kesyon epitou ou dwe EKRI repons yo an LÈT  
DETACHE avèk plim.

### Enfòmasyon sou Moun ki Aplike a

Prenon	Non Fanmi	Dezyèm Prenon	Tit	
Adrès Kay (bay nimewo ri ak non ri a)			Suite, Apt., Inite	
Vil	Eta	Kòd Postal + 4 chif	Konte	Peyi
Adrès Postal (bay Bwat Postal la a)				
Vil	Eta	Kòd Postal + 4 chif	Konte	Peyi
Adrès Imèl	Nimewo Sekirite Sosyal		ID Federal Kontribiyab	
Dat Ou Fèt	Telefòn Kay	Telefòn Selilè	Telefòn Biznis	

### Enfòmasyon Enpòtan

WII oswa NON

1. Èske ou te janm resevwa yon lisans Kwafè Eta New York oswa yon Anrejistreman Kwafè Apranti?

→ **SI OU REPONN "WI,"** koche kaz ki apwopriye a epi bay Nimewo UID Lisans lan oswa Anrejistreman an ak dat ekspirasyon li:

<input type="checkbox"/>	Nimewo ID Inik Lisans Kwafè	Nimewo UID _____	Dat Ekspirasyon _____
<input type="checkbox"/>	Nimewo ID Inik Anrejistreman Kwafè	Nimewo UID _____	Dat Ekspirasyon _____

2. Èske ou te patisipe nan yon kou kontwòl enfeksyon ki apwouve?

→ **(NÒT: Ou gen obligasyon pou patisipe nan kou sa a epitou ou dwe tache sètifika patisipasyon orijinal kou avèk aplikasyon sa a.)**

3. Èske lajistis te janm kondane ou nan eta sa a oswa lòt kote pou nenpòt zak kriminèl ki se yon deli oswa yon krim?

→ **SI OU REPONN "WI,"** ou dwe soumèt avèk aplikasyon sa a yon eksplikasyon ekri pou bay kote a, jiridiksyon tribinal la, kalite zak la, santans lan ak/oswa lòt dispozisyon. Ou dwe soumèt yon kopi akizasyon an (*sètadi*, ensidan, enfòmasyon kriminèl la oswa plent lan) ak yon Sètifika Dispozisyon tribinal la bay. Si ou posede oswa si ou te janm resevwa yon Sètifika Sekou akòz Andikap oswa yon Sètifika Bon Konduit oswa yon Padon Egzekitif, ou dwe soumèt yon kopi ansanm avèk aplikasyon sa a.

4. Èske gen nenpòt akizasyon kriminèl (deli oswa krim) ki pandye sou tèt ou nan nenpòt tribinal nan eta sa a oswa lòt kote?

→ **SI OU REPONN "WI,"** ou dwe soumèt yon kopi dokiman akizasyon an (*pa egzanp* akizasyon an, enfòmasyon kriminèl oswa plent lan) ou te resevwa nan tribinal la.

5. Èske yo te anile, sispann oswa refize nenpòt lisans oswa pèmi yo te ba ou oswa yon konpayi kote ou se oswa te yon responsab prensipal nan Eta New York oswa lòt kote?

→ **SI OU REPONN "WI,"** ou dwe bay tout dokiman enpòtan yo, tankou detèminasyon ajans lan, si genyen.

# Aplikasyon pou Vin Apranti Kwafè

**Yon apranti dwe travay anba sipèvizyon ak direksyon yon kwafè ki gen lisans. Kwafè sipèvizyon ou dwe ranpli sa ki anba la yo:**

## Konfimasyon Kwafè Lisansye Sipèvizè a

Non kwafè sipèvizè a	Nimewo ID Inik lisans operatè sipèvizè salon kwafi a*
Non salon kwafi a	Nimewo ID Inik lisans salon kwafi a*

\* W ap jwenn Nimewo ID Inik Lisans lan nan kwen anlè agoch sètifika lisans lan

Mwen, ki siyen anba la, siyen epi konfime, anba menas pou fo temwayaj, moun ki aplike ki gen non li endike anwo a ap anba sipèvizè ak direksyon mwen pandan aprantisaj 24 mwa li jan sa prevwa avèk dispozisyon Lwa Jeneral sou Biznis (General Business Law) (Atik 28).

*Siyati Kwafè Sipèvizè a*

**X** \_\_\_\_\_

*Dat la* \_\_\_\_\_

## Sètifika Sante – Ou dwe soumèt aplikasyon sa a nan 30 jou apre egzamen fizik ou.

Mwen se yon doktè lisansye oswa yon asistan doktè lisansye epi nan metòd yon egzamen woutin moun ki gen non li endike sou aplikasyon sa a nan dat \_\_\_\_\_ (*Dat Egzamen Fizik la*), mwen pa t jwenn prèv klinik ki montre prezans maladi enfektye oswa maladi kontajye ki ta reprezante yon risk enpòtan oswa yon menas dirèk pou sante oswa sekirite manm piblik la nan pratik metye moun ki aplike a.

*Non Doktè a an Lèt Detache* \_\_\_\_\_

*Adrès Klinik* \_\_\_\_\_

*Siyati Doktè \** \_\_\_\_\_

*Dat la* \_\_\_\_\_

*\*La firma de un enfermero especializado no es válida*

## Rapò konsènan Sipò Timoun —

**Depi mwen siyen aplikasyon sa a**, mwen konfime apati dat ki nan aplikasyon sa a, mwen pa anba yon obligasyon pou peye sipò timoun **OSWA** si mwen anba yon obligasyon pou peye sipò timoun, mwen pa anreta depi kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere nan peman sipò timoun, oswa m ap fè peman dapre egzekisyon sou revni oswa dapre plan peman oswa plan ranbousman tribinal egzije oswa dapre plan toulède moun ki konsène yo dakò oswa obligasyon mwen pou peye sipò timoun ka depannde yon pwosedi tribinal ki annatant, oswa m ap resevwa èd piblik oswa revni sekirite siplemantè.

**Konfimasyon Moun ki Aplike a** – Mwen konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, deklarasyon mwen fè yo nan aplikasyon sa a se deklarasyon ki vrè ak kòrèk. Answit, mwen konfime mwen li epi konprann dispozisyon Tit 28 Lwa Jeneral sou Biznis ak règleman yo pibliye annapre.

*Firma del solicitante*

**X** \_\_\_\_\_

*Dat la* \_\_\_\_\_

**Tanpri sonje pou mete avèk fòm sa a nenpòt eksplikasyon ki obligatwa ak frè aplikasyon \$20 dola (ou dwe peye Depatman-Deta).**

Si ou vle peye avèk kat kredi, tanpri ale sou sitwèb nou nan [www.dos.ny.gov](http://www.dos.ny.gov), pou jwenn yon fòm otorizasyon pou kat kredi pou ranpli ak retounen ansanm avèk aplikasyon sa a. Li enpòtan pou fè divizyon an konnen nenpòt chanjman nan adrès kay ou ak nan adrès imèl ou pou ou kapab resevwa avi yo ak lòt notifikasyon ki gen pou wè ak lisans ou.

***NÒT:*** Tanpri abitye ou avèk egzijans yo pou egzamen an. Pou fè sa, ale sou sitwèb nou.